

**KATRAPSILAN BASA ING TINDAK TUTUR ILOKUSI SAJRONE  
CECATURAN MASYARAKAT DESA PRIGI KECAMATAN KANOR  
KABUPATEN BOJONEGORO (TINTINGAN PRAGMATIK)**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
SURYANI AYU LESTARI  
16020114012**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

**2020**

**KATRAPSILAN BASA ING TINDAK TUTUR ILOKUSI SAJRONE CECATURAN MASYARAKAT  
DESA PRIGI KECAMATAN KANOR KABUPATEN BOJONEGORO (TINTINGAN PRAGMATIK)**

**Suryani Ayu Lestari**

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[suryanilestari16020114012@mhs.unesa.ac.id](mailto:suryanilestari16020114012@mhs.unesa.ac.id)

**Dr. Surana, S.S., M.Hum.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Prinsip katrapsilan mujudake aturan utawa norma sosial kang gegayutan karo tindak tutur pawongan sajrone masyarakat kang kudu digatekake sajrone proses komunikasi. Prinsip katrapsilan nduweni nem maksim yaiku maksim kawicaksanan, maksim kederawanan, maksim penghargaan, maksim kesederhanaan, maksim kecocogan, lan maksim kasimpanten. Maneka maksim kuwi nuduhake maneka wujud tindak tutur ilokusi kang digunakake dening pawongan. Tujuwan saka panliten iki yaiku supaya bisa meruhi tingkatan katrapsilan lan ora trapsilane basa kang digunakake masyarakat desa Prigi, Kanor, Bojonegoro.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori pragmatik. Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe semak. Teknik dhasar metodhe semak mujudake anane teknik rekam lan teknik nyathet. Sumber dhata panliten iki yaiku cecaturan masyarakat. Dhata panliten disuguhake kanthi wujud teks arupa andharan saka tumindak cecaturan antarane panutur lan mitratutur.

Asil panliten iki nuduhake yen kabeh prinsip katrapsilan kang ngandhut nem maksim lan pelanggaran prinsip katrapsilan ana ing cecaturan masyarakat desa Prigi, Kanor, Bojonegoro. Wujud maksim kang ditemokake yaiku maksim kawicaksanan kanthi tipe tuturan dhirektif lan tipe tuturan komisif. Maksim kederawanan kanthi tipe tuturan dhirektif lan tipe tuturan komisif. Maksim penghargaan kanthi tipe tuturan ekspresif lan tipe tuturan asertif. Maksim kesederhanaan kanthi tipe tuturan ekspresif. Maksim kecocogan kang nuduhake rasa cocoge panutur lan mitratutur. Maksim kasimpanten nggunakake tipe tuturan asertif lan ekspresif.

**Tembung Wigati :** Prinsip Katrapsilan, Ilokusi, Masyarakat Bojonegoro.

**PURWAKA**

**1.1. Landhesane Panliten**

Basa mujudake salah siji piranti komunikasi kang digunakake cecaturan saben dina dening manungsa. Manungsa nggunakake basa kanggo cecaturan jalaran manungsa kerep nyritakake lan ngandharake apa kang dirasakake marang manungsa liyane. Proses cecaturan mesthi manungsa mbutuhake basa kanggo mujudake interaksine. Basa uga dadi salah siji titikan pambada antarane manungsa karo makhluk liyane ing panguripan. Mula saka kuwi, peran basa kuwi wigati banget kanggo manungsa. saka anane basa, apa kang dikarepake dening manungsa siji marang manungsa liyane bisa kalaksanan kanthi apik lan komunikasi isa lancar.

Basa kang digunakake dening manungsa bisa nuduhake kepriye sipate manungsa kuwi. Basa uga bisa nuduhake karakter utawa watak saben manungsa, amarga anane tuturan basa kang digunakake. Kejaba kuwi, basa uga digunakake minangka piranti pangiket lan pangukur panguripan ing bebrayan (Basir, 2016:1). Basa-basa kang

dituturake uga bisa nuduhake yen saben dhaerah kuwi mesthi beda amarga nduweni titikan lansipat kang beda gumantung panggonane. Basa kang beda ing saben dhaerah, mula basa kuwi bisa ngrembaka sajrone pangrembakane bebrayan jalaran ana owah-owahan. Kanthi mangkono, mula bisa ditemoni maneka ragam basa kang digunakake, bocah-bocah, rumaja, lan sapiturute. Mula saka kuwi, basa kang digunakake dening panutur kerep narik kawigaten kanggo dijingglengi. Salah sijine yaiku ngenani basa kang digunakake ing desa, jalaran nduweni wujud lan dhialek dhewe-dhewe sing dadi titikan kusus saka dhaerah kasebut.

Basa kang digunakake sajrone cecaturan masyarakat desa ana kang laras karo kaidah basa, ana uga kang nyimpang saka kaidah basa. Tuturan basa kang digunakake dening bebrayan desa iki tuwuh nalikane komunikasi ing ngendi wae. Kayata mangkono, masyarakat sajrone nggunakake basa ing kahanan tertamtu lan supaya bisa nggayuh tujuwan tertamtu, manungsa mesthi ngupaya milih lan nggunakake kaidah-

kaidah tuturan kang laras karo kahanan mitratutur. Uga kudu nggatekake tata cara basa kang diselarasake karo norma utawa aspek sosial lan budaya kang ana sajrone masyarakat tertamtu. Panggunane tata cara basa kang ora laras karo normal an sosial budaya local bisa dianggep ala utawa ora trapsila.

Basa kanthi maneka wujud kagunaane, kontekse, lan kahanane wigati banget kango diteliti, salah sijine ngenani katrapsilan basa. Yule (2006:183) nuduhake yen katrapsilan basa mujudake sistem gegayutan antarane pawongan kang diciptakake kanggo nggampangake komunikasi lan ngurangi konflik sajrone kegiatan. Katrapsilan basa wigati ditindakake dening pawongan nalikane ana ing ngendi wae. Kanggo mujudake katrapsilan basa kuwi bisa njalin sesambungan antarane panutut lan mitratutur tetep apik. Adhedhasar kanyatan kasebut, kabutuhan saka anane pragmatic kuwi perlu, jalaran akehe perkara basa kang ora bisa dirampungake mung karo pendhekatan linguistic. Pacaturan masyarakat ing kene diteliti kanthi nggunakake tintingan pragmatic. Pragmatic minangka cabang ilmu basa kang nyinaoni panganggane basa ing padinan kanthi kaiket konteks. Pragmatic mbutuhake prinsip katrapsilan minangka retorika interpersonal.

Prinsip katrapsilan mujudake aturan utawa norma sosial kang gegayutan karo tindak tutur pawongan sajrone masyarakat kang kudu digatekake sajrone proses komunikasi. Prinsip katrapsilan nduweni nem maksim yaiku maksim kawicaksanan, maksim kedermawanan, maksim penghargaan, maksim kesederhanaan, maksim kecocogan, lan maksim kasimpanten. Maneka maksim kuwi nuduhake maneka wujud tindak tutur kang digunakake dening pawongan. Wujud tindak tutur bisa arupa tuturan ilokusi. Ananging sajrone proses komunikasi kadang kala kanthi ora sengaja panutur utawa mitratutur ora nggatekake prinsip katrapsilan. Kanthi mangkono, pawongan kasebut nglanggar prinsip katrapsilan lan nuwuhake maksud tuturan kang nduweni maksud beda. Mula saka kuwi, perkara kasebut kang bisa narik kawigaten kanggo dianalisis dening panliti yaiku wujud tipe tindak tutur kang kalebu maksim katrapsilan basa lan wujud pelanggaran maksim katrapsilan basa sajrone tindak tutur masyarakat Desa Prigi, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro.

## **1.2. Underane Panliten**

Laras karo apa kang dadi lelandhesane panliten mujudake underan kayata:

- 1) Kepriye wujud prinsip katrapsilan basa ing tindak tutur ilokusi sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro?

- 2) Kepriye wujud pelanggaran prinsip katrapsilan basa ing tindak tutur ilokusi sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro?

## **1.3. Tujuwane Panliten**

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, mula nuduhake tujuwane, yaiku:

- 1) Ngandharake wujud katrapsilan basa ing tindak tutur ilokusi sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro.
- 2) Ngandharake wujud pelanggaran katrapsilan basa ing tindak tutur ilokusi sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro.

## **1.4. Paedahe Panliten**

Paedahe panliten iki diperang dadi loro, yaiku paedah praktis lan paedah teoritis.

- 1) Paedah Teoritis

Paedah teoritis panliten iki diajab supaya bisa migunani tumrap panyengkuyung kang ngrembakake ilmu pragmatik.

- 2) Praktis Praktis

Paedah praktise yaiku bisa menehi kaweruh ngenani wujud katrapsilan basa lan pelanggaran katrapsilan basa ing tindak tutur ilokusi.

## **1.5. Wewatesane Panliten**

Wewatesan panliten iki digunakake supaya andharan ora ngrambyang adoh saka topik panliten. Wewatesan kaping pisan yaiku adhedhasar saka basa kang diteliti yaiku mligi ing basa Jawa kang digunakake cecaturan masyarakat Prigi, Kanor, Bojonegoro. Basa kang digunakake yaiku ngoko lan krama uga ana ragam dhialek kang digunakake. Kaping pindho watesane yaiku adhedhasar tuturan masyarakat kang ngandhut nem prinsip katrapsilan. Kaping telune ngenani panjlentrehan saka struktur, relasi, lan kahanan sosial.

## **1.6. Panjlentrehe Tetembungan**

- 1) Katrapsilan basa ditegesi aluse basa utawa pangucapan kang digunakake kanggo cecaturan dening pawongan kanthi cara lisan utawa tulisan.
- 2) Prinsip katrapsilan Leech sajrone (Rahardi, 2005:59) ana nem maksim katrapsilan yaiku kawicaksanan, kedermawanan, penghargaan, kesederhanaan, kecocogan, lan kasimpanten.
- 3) Wujude tuturan yaiku tindak tutur ilokusi ngenani dhirektif, komisif, asertif, lan ekspresif.
- 4) Cecaturan antarane pawongan kang formal lan non formal.

- 5) Panutur mujudake salah siji pawongan kang nindakake tuturan utawa kekarepan kang tujuwane bisa ditindakake dening lawan guneme.
- 6) Mitratutur mujudake pawongan kang dadi lawan tuture panutur.

## **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

### **2.1 Panliten Saemper**

Panliten ngenani katrapsilan basa lan tindak tutur dhirektif wis tau diteliti dening para panliti sadurunge. Mula saka kuwi, panliten-panliten kang wis tau diteliti iki digawe bahan wacanan kanggo nlinti supaya luwih apik tinimbang panliten-panliten sadurunge.

Panliten kang memper karo panliten iki diandharake dening Ellysy Sulisty Sari (2013) kanthi irah-irahan “*Pelanggaran Prinsip Kesantunan Berbahasa Dalam Acara Dua Arah Kompas Tv*”. Panliten iki munjerake tuturan-tuturan kang nglanggar maksim katrapsilan sajrone acara ing medhia sosial. Saka panliten iki ngasilake yen sajrone acara kasebut akeh maksim saka prinsip katrapsilan kang dilanggar.

Panliten saemper sabanjure yaiku ditindakake dening Retno Susanto (2013) kanthi irah-irahan “*Panganggane Maksim Katrapsilan sajrone Cecaturan Masyarakat ing Desa Ngunut Kabupaten Tulungagung*”. Panliten iki ngrembug babagan maksim kang dilanggar sajrone cecaturan masyarakat desa Ngunut Kabupaten Tulungagung. Asile saka panliten yaiku ngenani sopan santune basa sajrone tembung frasa verba lan nomina. Uga ngrembug ngenani maksim kearifan lan kedhermawanan, maksim pujian lan maksim kerendahan.

Panliten sabanjure yaiku panliten kang saemper karo tindak tutur dhirektif. Salah sijine yaiku panliten kang ditindakake dening Ari Putra Kurniawan (2013) kanthi irah-irahan “*Tuturan Dhirektif sajrone Tindak Tutur Dol Tinuku ing Dhusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bangilan Kabupaten Tuban*”. Panliten iki ngrembug babagan tuturan dhirektif kang digunakake dening pawongan desa sajrone proses dol tinuku. Asil saka panliten iki yaiku ngenani wujud tuturan dhirektif kang dideleng saka lageyane panutur lan pananggape mitra tutur. Lageyane panutur diperang dadi blaka-ora blaka, langsung-ora langsung. Dene pananggape mitratutur yaiku nampa-nampik, lan nindakake-ora nindakake.

Panliten sabanjure ditindakake dening Maratus (2015) kanthi irah-irahan “*Maksim Kecocogan lan Kasimpanten sajrone Cecaturan Mahasiswa Basa Jawa sajrone Medhia Sosial Whatsapp Grup Klas hercules 2015 C Taun 2015*”. Sajrone panliten iki mung ngandharake salah siji perangan saka prinsip katrapsilan basa yaiku maksim kecocogan lan maksim kasimpanten. Uga mung ngandharake sajrone lingkungan mahasiswa

padha mahasiswane. Asile saka panliten iki, panliti ngandharake wujud maksim kecocogan lan maksim kasimpanten kang laras uga kang nyimpang sajrone medhia sosial *whatsapp*. Panliti uga ngandharake ngenani panganggane maksim kecocogan lan maksim kasimpanten kang laras sarta nyimpang sajrone medhia *whatsapp*.

Adhedhasar panliten-panliten kang wis nate ditindakake dening para panliti sadurunge, katrapsilan basa tindak tutur ilokusi sajrone lingkungan masyarakat lan kulawarga ing Desa Prigi Kecamatan Kanor Kabupaten Bojonegoro iki narik kawigaten panliten supaya diteliti. Panliten iki narik kawigaten amarga beda saka panliten-panliten sadurunge, yen panliten iki luwih mrinci maksim kang kagolong prinsip katrapsilan basa. Uga ing panliten iki munjerake ing tindak tutur ilokusi kang ana ing lingkungan masyarakat lan kulawarga ing Desa Prigi Bojonegoro. Saka anane tindak tutur ilokusi ing lingkungan masyarakat lan kulawarga ing Desa Prigi Bojonegoro iki bakal ngasilake pirembungan cecaturan kang ngandhut maksim katrapsilan uga ana ragam basa dhialek sajrone tuturan.

### **2.2 Basa**

Basa minangka salah siji piranti kang digunakake dening manungsa kanggo cecaturan, komunikasi lan mbangun interaksi antarane siji manungsa marang manungsa liyane. Miturut Basir (2010:21) basa iku minangka piranti kang utama sajrone proses urip lan panguripan manungsa. Basa kerep digunakake dening masyarakat minangka sarana cecaturan saben kegiatan ing lingkungane. Basa uga nduweni fungsi kanggo nyampekake pesan lan bisa ngaruhi wong supaya nglakokake pesan tertamtu (Ibrahim, 1992:215).

Basa mesthi digunakake dening pawongan utawa masyarakat ing saben dinane supaya nyambung anggene cecaturan utawa rembugan. Aminuddun (2016:30) basa ora mung dinduweni dening manungsa, nanging kewan uga nduweni basa dhewe. Supaya mbedakake basa kang digunakake dening manungsa, mula basa manungsa iku diandharake kanthi anane proses mikir lan sadar nalikane nggunkake basa. Mula, basa kang diucapake dening manungsa kuwi bisa ditrima dening manungsa liyane. Uga mitratutur kang dijak cecaturan kuwi bisa nindakake kekarepane panutur.

Andharan kang wis dijlentrehake, mujudake basa kuwi minangka lambang utawa unsur kang wujud swara. Lambang kang dimaksud yaiku bisa nglambangake kahanan tertamtu, bisa awujud panikiran, konsep, idhe, lan pangerten kang nduweni makna. Lambang swara sajrone basa kuwi nduweni makna arupa satuan-satuan basa kang awujud morfem, tembung, frase, klausa, ukara, lan wacana. Satuan-satuan kang diandharake laras karo



panemune (Abdullah, 2012:7) yen basa kuwi nduweni makna, dene sing ora nduwe makna ora bisa diarani basa.

### **2.3 Pragmatik**

Pragmatik minangka perangan saka ilmu basa kang nyinaoni tuturan lan maknane kanthi kaiket konteks. Umume pragmatic gegayutan karo panggunane basa tulis lan lisan sajrone kahanan kanyatan. Pragmatik asalae saka tembung *pragmatica* kang dikenalake dening Charles Morris, pragmatik minangka studi makna tuturan sajrone kahanan utawa konteks tertamtu (Djajasudarma, 2012:60). Konteks kasebut kudu nyakup maneka werna kang ana sajrone kedadeyan komunikasi. Komunikasi saben tuturan kudu laras karo konteks kang kedaden. Anane konteks kuwi, tegese panutur kudu ndeleng saben tuturane supaya bisa ndadekake kecocogan sajrone komunikasi.

Pragmatik yaiku salah sijine bidhang saka kajian linguistic (Purwo, 1990:2). Pragmatik iki mujudake perangan saka ilmu linguistik kang nyinaoni ngenani sesambungan antarane konteks lan teges. Pragmatik nduweni ruwang lingkup kayata variasi basa, deiksis, implikatur, praanggapan, tindak basa, lan struktur (kahanan) pacaturan. Zamzani (2007:18-23) ngandharake yen kajian pragmatic mesthi nuduhake ing perkara basa sajrone kahanan masyarakat. Pragmatik dideleng minangka pangungkap panggunane basa kang ana gayutane karo konteks panggunane basa kang trep saengga bisa munculake proses kang komunikatif.

Pragmatik mujudake subdisiplin linguistik kang nyinaoni panerapan lan pangisanan basa sajrone komunikasi (Purwo, 1990:23-26). Pragmatik minangka studi ngenani makna sajrone kahanan tuturan (*speech situations*). Aspek-aspek kahanan tutur miturut Leech (1993:19-21) yaiku panutur lan mitratutur, konteks tuturan minangka kaweruh landhesan kang dinduweni dening panutur lan mitratutur, tujuwan tuturan, tuturan minangka kegiatan, lan tuturan minangka produk tindak verbal. Kanthi mangkono, pragmatik minangka subdisiplin linguistik kang ngandharake telung konsep (makna, konteks, lan komunikasi). Andharan teori ing ndhuwur teori pragmatik kang jumbuh digawe ing panliten iki amerga anane panggunane basa sajrone komunikasi kang kudu nggatekake konteks.

### **2.4 Katrapsilan Basa**

Katrapsilan basa minangka salah siji piranti kang nggayutake tuturan antarane panutur lan mitratutur. Katrapsilan basa iki munjerake ing tuturan kang ora meksa lan menehi pilihan tumindak marang mitratutur supaya dadi seneng. Miturut Muslich (2006:1) katrapsilan yaiku tatacara utawa pakulinan kang ana sajrone

masyarakat. Katrapsilan basa kang dimaksud yaiku tuturan kang digawe komunikasi antarane panutur lan mitratutur kang dituntut ora mung bisa nyampekake tuturan kanthi bener, nanging kudu bisa njaga interaksine lumaku kanthi apik.

Katrapsilan basa iki uga mbutuhake tata cara basa kang kudu dingerteni supaya bisa nglancaraké proses komunikasi. Katrapsilan basa uga dipengaruhi norma-norma budaya utawa klompok masyarakat tertamtu. Laras karo panemune Sumarlan (1995:3) yen katrapsilan basa iku gumantung karo sosial budaya, norma, aturan ing salah siji panggonan. Saengga, bisa mbedakake tuturan antarane dhaerah siji marang dhaerah liyane. Katrapsilan basa sajrone lingkungan masyarakat iki bisa katindakake saka anane karukunan lan pakurmatan. Saka anane rong perangan karukunan lan pakurmatan iki bisa ndadekake masyarakat nindakake komunikasi utawa cecaturan kanthi nggunakake katrapsilan basa kang apik. Uga bisa ndadekake interaksi sosial masyarakat bisa kalaksanan apik tanpa anane

Katrapsilan basa kang digunakake sajrone lingkungan masyarakat Jawa mujudake kaidah komunikasi kanggo nylarasake antarane sosial, psikologis, lan srawunge panutur lan mitratutur. Katrapsilan basa ana sajrone tata cara cecaturan liwat tandha verbal utawa tata cara nggunakake basa. Nalikane cecaturan, manungsa luwih nengenake norma-norma budaya ora mung ngomong apa anane sing dipikirake. Tata cara basa kudu slaras karo unsur-unsur budaya kang ana sajrone masyarakat. Tata cara tuturan uga mujudake prinsip utawa dhasar tindak tutur, yaiku faktor wektu lan kahanan, ragam basa, ngenteni gilirane wicara. Mula, katrapsilan basa iki nggambarake sopan santune panutur.

#### **2.4.1 Jinise Katrapsilan Basa**

Katrapsilan basa iki minangka gantine prinsip kerjasama, amerga prinsip kerjasama wis ora akeh digunakake dening para panliten. Mula, prinsip katrapsilan basa iki dikira luwih lengkap lan luwih nyambung tinimbang prinsip kerjasama. Prinsip katrapsilan basa iki nduweni nem maksim kang diandharake dening Leech (terjemahan, 1993:206-207 sajrone Rahardi 2005: 59) yaiku (1) maksim kawicaksanan; (2) maksim kedermawanan; (3) maksim penghargaan; (4) maksim kesederhanaan; (5) maksim kecocogan; lan (6) maksim kasimpanten. Katrapsilan umume gegayutan antarane rong partisipan kang diarani awake dhewe (*self*) lan pawongan liya (*other*). Kanthi cara konvensional awake dhewe diarani panutur lan pawongan liya minangka mitratutur. Proses komunikasi iki peserta tutur kudu nggatekake maksim-maksim katrapsilan supaya dumadi proses komunikasi kang apik.

#### **2.4.2 Titikane Katrapsilan Basa**

Katrapsilan nduweni nem maksim kang nduweni titikan beda-beda, antarane: (1) maksim kawicaksanan kang bisa ditiitiki yen ngurangi karugian lawan tutur lan nambahi kauntungan lawan tutur. Tuturan kang bisa nitiki yaiku tipe tuturan dhirektif lan komisif; (2) maksim kadmawanan, titikane ngurangi kauntungan awake dhewe lan nambahi karugian awake dhewe. Tipe tuturan kang digunakake komisif lan dhirektif; (3) maksim penghargaan, bisa ditiitiki peserta tutur maksimalake rasa kurmat marang liyan lan ngurangi rasa ora kurmat marang liyane. Tipe tuturan kang digunakake ekspresif lan asertif; (4) maksim kesederhanaan, bisa ditiitiki peserta tutur maksimalake rasa ora kurmat awake dhewe lan ngurangi rasa kurmat ing awake dhewe. Tipe tuturan kang diandharake yaiku ekspresif lan asertif; (5) maksim kecocogan, yaiku ngurangi rasa ora cocoge lan ningkatake rasa cocoge marang lawan tutur; lan (6) maksim kasimpahan ditiitiki peserta tutur maksimalake rasa utawa sikap simpati, lan ngurangi rasa antipati marang lawan tutur (Nadar, 2008:31). Tipe tuturan asertif lan ekspresif.

#### **2.5 Tindak tutur**

tindak tutur mujudake salah siji kegiatan manungsa minangka makhluk kang nggunakake basa. Tindak tutur iki wigati sajrone kajian pragmatik, jalaran dadi dhasar kanggo nganalisis topik-topik pragmatik. Bisa diarani tindak tutur amerga sajrone ngucapake pautur uga nglakokake apa kang dituturake. Chaer (2004:50) ngandharake yen tindak tutur yaiku gejala individual, asipat psikologis lan panggunane ditemtokake kabisa basa panutur sajrone nglakokake ing kahanan tertamtu. Tindak tutur mujudake pranyatan utawa tuturan tertamtu kang digawe dening panutur ing kahanan tertamtu (Dubois, 2001:14).

Tindak tutur kaperang dadi telung perangan antarane, tindak tutur lokusi, tindak tutur ilokusi, lan tindak tutur perlokusi. Searle (1962:23-24) ngandharake kanthi pragmatis yen tindak tuturdibedakake dadi telu, yaiku tindak tutur lokusi kang mujudake tindak tutur kanthi maksud ngandharake. Tindak tutur ilokusi mujudake tuturan kang gunane saliyan kanggo ngandharake uga kanggo menahi tuturan supaya lawan tutur bisa nglakokake apa wae kang dikarepake dening panutur. Tindak tutur perlokusi yaiku tuturan kang gunane kanggo mengaruhi lawan tutur. Panliten iki munjer ing tindak tutur ilokusi kang gunane kanggo ngandharake uga nglakokake apa kang dikarepake lawan tutur.

### **METODHE PANLITEN**

#### **3.1 Ancangan Panliten**

Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku panliten dheskriptif lan pendekatan kualitatif

amerga panliten iki ngenani basa. Ateges dhata-dhata kang kasil diklumpukake banjur diandharake siji mbaka siji adhedhasar prinsip katrapsilan basa. Panliten iki diarani panliten dheskriptif kualitatif jalaran ndheskripsikake masalah kanthi nggunakake tetembungan ora nggunakake angka-angka. Matthew (1992:1) njlentrehake yen panliten kualitatif mujudake sumber saka dheskripsi kang ora nduweni lelandhesan kang kuwat, sarta ngemot andharan ngenani proses-proses kang dumadi sajrone papan lan wektu. Tujuwan saka panliten dheskriptif kualitatif iki kanggo ndheskripsikake ukara-ukara lan wujud tetembungan saka segi kagunaan basa trapsila lan ora trapsila. Dhata kang dijupuk saka panliten iki dikumpulake awujud tetembungan saengga asile panliten mujudake tetembungan saka ndheskripsikake masalah. Masalah-masalah kang ana sajrone panliten iki arupa cecaturan ing lingkungan masyarakat kang banjur didheskripsikake cecaturan kang ngandhut prinsip katrapsilan.

Panliten iki uga digolongake minangka panliten *naturalistik* kang ndheskripsikake kedadeyan kang kayata apa anane. Panliten iki bakal ndheskripsikake kanthi kualitatif saka basa padinan kang ana ing lingkungan masyarakat. Dhata panliten kang wis dikumpulake banjur ditata utawa diidentifikasi, dianalisis, lan dijupuk dudutan saengga bisa menahi gambaran ngenani asil panliten kang tumata lan nyata. Panliten iki nggunakake pendekatan dheskriptif kualitatif kanggo menahi gambaran kang nyata ngenani pawongan, kahanan basa, uga ing klompok pawongan tertamtu. Mula, panliten iki ngupaya ndheskripsikake kanthi kualitatif saka anane kahanan katrapsilan basa sajrone cecaturan utawa interaksi ing lingkungan masyarakat.

#### **3.2 Ubarampene Panliten**

ubarampe kang dibutuhake sajrone panliten iki mbutuhake sumber dhata lan dhata uga instumen panliten. Cethane telung perangan bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

##### **3.2.1 Sumber Dhata**

Sumber dhata yaiku samubarang kang dadi sumber panliten uga bisa ngasilake dhata. sumber dhata mujudake samubarang kang ngasilake tawa ngripta basakang mesthi ngasilake dhata (Sudaryanto, 1993:3). Sumber dhata minangka panggonan utawa asal mulane dhata kang digunakake. Panliten iki kang dadi sumber dhatane yaiku lingkungan masyarakat lan lingkungan kulawarga ing desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro.

##### **3.2.2 Dhata Panliten**

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki arupa dhata primer. Dhata primer yaiku dhata jang wujud lesan utawa cecaturan (Subyakto: 1993:10). Dhata primer kang

dijupuk sajrone panliten iki awujud katrapsilan basa sajrone tindak tutur ilokusi kang dituturake pawongan. Tuturan kang dadi dhata dhata yaiku ana objek panliten lan konteks tuturan minangka undere panliten. Objeke yaiku tembung-tembung kang ngandhut unsure basa kang trapsila. Dene kontekse yaiku ngenani isi tindak tutur ilokusi kasebut.

### **3.2.3 Instrumen Panliten**

Instrumen panliten sajrone panliten iki ana rong perangan yaiku instrumen kanggo ngumpulake dhata lan instrumen kanggo njlentrehake dhata.

- 1). Instrumen panliten kanggo ngumpulake dhata yaiku instrumen panliten kang digunakake supaya dhata kasebut bisa kesimpèn. Instrumen panliten iki awujud panliti, piranti rekam, HP, piranti tulis. Panliti ing kene minangka pawongan kang ngerteni dhata kepriye kang arep dijupuk, uga minangka pawongan kang nggolek dhata kasebut.
- 2). Instrumen panliten kanggo nyuguhake dhata mujudake instrumen kang digunakake nalika dhata wis diolahake kanggo dijlentrehake. Instrumen panliten iki arupa piranti-piranti tulis utawa ketik lan panliti.

### **3.3 Tata Cara Panliten**

Tata cara panliten sajrone panliten katrapsilan basa ing tindak tutur ilokusi sajrone cecaturan masyarakat lan kulawarga desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro kaperang dadi telu, yaiku: (1) tata cara ngumpulake dhata, (2) tata cara ngolah dhata, lan (3) tata cara nyuguhake dhata. Jlentrehan saka telung perangan tata cara kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

#### **3.3.1 Tata Cara Ngumpulake Dhata**

Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe semak. Metodhe semak mujudake metodhe kanggo ngolehake dhata kanthi cara nyemak panggunane basa. Diarani metodhe semak jalaran cara kang digunakake kanggo ngumpulake dhata yaiku kanthi cara nyemak panggunane basa (Mahsun, 2007:29). Metodhe iki digunakake kanggo ngolehake dhata lisan, yaiku dhata arupa katrapsilan basa kang dumadi sajrone tindak tutur ing lingkungan masyarakat. Teknik dhasar metodhe semak miturut (Sudaryanto, 1993:133) ana teknik sadap, teknik semaknglibatake omong, teknik semak bebas nglibatake omong, teknik rekam, lan teknik nyatet.

#### **3.3.2 Tata Cara Njlentrehake Dhata**

Tata cara kang digunakake kanggo njlentrehake dhata sajrone panliten iki kanthi metodhe formal lan

informal. Metodhe formal mujudake metodhe kang njlentrehake kanthi nggunakake lambang utawa tandha. Dene metodhe informal yaiku metodhe kang njlentrehake kanthi nggunakake basa (Sudaryanto, 1993:144). Lambang sajrone panliten iki dijupuk saka cekakan-cekakan tembung. Kayata (1) perangan saka struktur sosial kang kaperang dadi telu umur bocah (UB), umur rumaja (UR), lan umur tuwa (UT). (2) perangan saka status sosial jinis kelamin, yaiku jinis kelamin lanang (JKL) lan jinni kelamin wadon (JKW), (3) relasi sosial kang diperang dadi telu yaiku relasi sosial paseduluran (RSP), relasi sosial kekancan (RSK), lan relasi sosial tangga (RST). Saliyane kang diandharake ing ndhuwur uga nggunakake kahanan sosial sajrone njlentrehake dhata. Kahanan sosial iki diperang dadi loro, yaiku kahanan resmi lan kahanan kang ora resmi. Kahanan sosial iki nduweni Asile pangaribawa tumrap katrapsilan basa.

#### **3.3.3 Tata Cara Nyuguhake Asile Jlentrehan Dhata**

Tata cara ngandharake asil jlentrehan sajrone panliten iki yaiku kanthi cara ngandharake asil jlentrehan dhata awujud andharan ngenani jinis-jinis maksim sajrone prinsip katrapsilan kang bakal diandharake adhedhasar wujud kang laras lan nyimpang uga lelandhesan marang konteks dhatane. Tata cara nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku dheskriptif. Jalaran panliten iki mujudake panliten kang nduweni sipat informal. Panliten kang nduweni sipat informal, medharake dhata ora nggunakake rumus. Dadi, dhata kang wis dijlentrehake banjur disuguhake kanthi nggunakake tembung-tembung kang biasa digunakake ing sabendinane. Tembung-tembung kasebut ngemu teks lan konteks kang gegayutan. Wujud teks arupa andharan saka tumindak cecaturan antarane panutur lan mitratutur. Dene konteks sosial sing dijlentrehake ngenani struktur sosial, jinis kelamin, relasi sosial, lan kahanan sosial antarane panutur lan mitratutur. Konteks sosial nduweni kalungguhan kang wigati sajrone panliten iki amarga saka prinsip katrapsilan ngandharake yen umur, jinis kelamin, lan relasi sosial bisa nyebabake basa kang digunakake kalebu prinsip katrapsilan utawa ora.

### **ANDHARAN**

#### **4.1 Wujud Katrapsilan Basa sajrone Tindak Tutur Masyarakat Desa Prigi, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro**

Katrapsilan basa dhewe nduweni nem maksim, yaiku maksim kawicaksanan, maksim kedermawanan, maksim penghargaan, maksim kesederhanaan, maksim kecocogan, lan maksim kasimpanten. Luwih jelase diandharake ing ngisor iki.



#### **4.1.1. Wujud Katrapsilan Basa Maksim Kawicaksanan ing Tindak Tutur Dhirektif**

Maksim kawicaksanan nuduhake yen saben peserta tutur kudu ngurangi karugen pawongan liyan lan maksimalake kauntungan pawongan liyan. Maksim kawicaksanan iki diandharake kanthi tuturan dhirektif lan komisif. Dhata kang ditemokake dening panliti diandharake ing ngisor iki.

(4) HD : Mah, pun maem kabeh e iki?

MSR : Ndang maem ta! Wis sore je, ndang dientekna kabeh

Dhata (4) dituturake HD minangka panutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin lanang. Dene MSR minangka mitratutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin wadon. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur ing cecaturan kasebut yaiku relasi paseduluran raket. Kahanan sosial sajrone cecaturan kasebut yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing njero omah nalika tanggal 03 Desember 2019.

Tuturan ing ndhuwur dituturake nalika wayah sore ing njero omah. Tuturan kasebut kalaksanan ing njero omah jalaran panutur lan mitratutur nduweni sesambungan paseduluran raket. Paseduluran raket ing kene antarane ibu lan anak. Cecaturan kasebut dicritakake nalikane HD minangka panutur takon marang ibune babagan mangan ing wayah sore. Sanalikane kuwi dumadi prinsip katrapsilan basa yaiku maksim kawicaksanan. Saliyane kalebu maksim kawicaksanan uga kalebu tindak tutur dhirektif mrintah.

Tuturan ing ndhuwur munjer ing mitratutur. Mitratutur nengenake utawa maksimalake kauntungan pawongan liya lan ngurangi ngrugikake pawongan liya. Cecaturan kasebut minangka maksim kawicaksanan jalaran mitratutur maksimalake kauntungan panutur. Mitratutur mrintah supaya gage-gage mangan kanthi nggunakake tembung “Ndang maem ta! Wis sore je, ndang dientekna kabeh” kang ateges dheweke maksimalake kauntungan mitratutur. Mitratutur nengenake kauntungan panutur lan panutur diprintah supaya ndang mangan amerga wis sore lan dikongkon ngentekna panganane mesthia mitratutur durung mangan. Tuturan mitratutur ing ndhuwur arupa tuturan dhirektif yaiku kekarepan utawa pepinginan panutur kang kudu ditindakake dening mitratutur kanthi nggunakake tembung “ndang maem ta!” kang ateges dheweke mrintah panutur supaya nglakokake apa kang dikarepake. Mitratutur mrintah panutur supaya mangan. Cecaturan kasebut kalebu maksim kawicaksanan tindak tutur dhirektif mrintah.

#### **4.1.2. Wujud Katrapsilan Basa Maksim Kedermawanan ing Tindak Tutur Komisif**

Maksim kedermawanan majibake saben tuturan nengenake utawa maksimalake karugian awake dhewe lan ngurangi kauntungan awake dhewe. Katrapsilan basa maksim kedermawanan saliyan bisa dituturake nggawe tuturan dhirektif, uga bisa dituturake kanthi tuturan komisif. Kayata apa kang wis diolehake dening panliti. Maksim kedermawanan tipe tuturan komisif diandharake kanthi dhata ngisor iki.

(20) SHL : Iki le pentol enak Mas Had

HD : Endi, jajali ndang. Iya je enak

SHL : Sesuk tak cegatna tak tumbasna Mas Had

Dhata (20) dituturake dening SHL minangka panutur kanthi umur bocah lan jinis kelamin wadon. Dene HD minangka mitratutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin lanang. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku relasi tangga raket. Kahanan sosial cecaturan ing ndhuwur yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan sajrone cecaturan ing lapangan nalika tanggal 15 Desember 2019.

Tuturan kasebut dituturake dening rong pawongan. Pawongan SHL minangka panutur lan pawongan HD minangka mitratutur. Pacaturan kasebut kalaksanan nalikane panutur mulih ngaji lan dolan ing omahe mitratutur. Ana ing kono sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku tangga raket jalaran pawongan loro kuwi omahe cedhak lan kerep dolin bareng. Pacaturan kuwi kalaksanan ing wayah wengi ing omahe mitratutur. Pacaturan kasebut kalaksanan wektu panutur mulih saka mulang ngaji lan mampir ing omahe mitratutur nggawa pentol. Banjur panutur njanjikake mitratutur yen sesuk bakale nukokake mitratutur pentol. Tuturan SHL ing kono kang nuduhake maksim kedermawanan jalaran ngandhut salah siji titikan saka maksim katrapsilan yaiku luwih nengenake karugian awake dhewe lan ngurangi kauntungan awake.

Dhata ing ndhuwur kalebu maksim kedermawanan. Maksim kedermawanan kalebu salah siji saka perangan katrapsilan basa kang bisa dititiki saka tuturane kang munjer ing panutur. Panutur ing maksim kedermawanan iki luwih nengenake utawa maksimalake karugian awake dhewe lan ngurangi kauntungan awake dhewe. Cecaturan kasebut kalebu maksim kedermawanan kanthi nengenake utawa maksimalake kauntungan HD minangka mitratutur kanthi nggunakake tembung “sesuk tak cegatna tak tumbasna Mas Had”. Panutur nuturake tembung kuwi jalaran ora kepengin ngrugikake mitratutur lan luwih ngorbanake awake dhewe. Saliyane kuwi, tuturan panutur kuwi uga kalebu tuturan komisif njanjikake amerga tuturan komisif kuwi nengenake



tumindak apa kang arep dilakokake sajrone tuturan kang dituturake. Maksud saka tuturan panutur yaiku njanjikake mitratutur yen sesuk bakale ditukokna kayata apa kang dinduweni panutur lan luwih nengene karugian awake dhewe uga ngurangi kauntungan awake dhewe. Cecaturan kang dituturake dening SHL lan HD kasebut kalebu tuturan lesan maksim kederawanan tindak tutur komisif njanjikake.

#### **4.1.3. Wujud Katrapsilan Basa Maksim Penghargaan ing Tindak Tutur Ekspresif**

Maksim penghargaan iki nuntut saben peserta peserta tutur kanggo maksimalake rasa kurmat marang pawongan liya lan ngurangi rasa ora kurmate marang pawongan liya. Kanthi mangkono maksim penghargaan diajab para peserta tutur ora ngelek-elek lawan tuture, maksim penghargaan iki dituturake kanthi tuturan ekspresif lan tuturan asertif. Wujud maksim penghargaan diandharake kanthi dhata ngisor iki.

Tuturan kalaksanan dening rong pawongan yaiku panutur DNA lan mitratutur RHM. Maksim penghargaan dituturake dening mitratutur nalika wayah wengi ing TPA. Ana ing kono panutur kang lagi ngaji maca alquran dirungokake dening mitratutur, banjur mitratutur muji panutur yen ngajine puenak lan suarane apik. Tuturan kasebut dituturake kanthi lesan kang ngandhut tuturan ekspresif muji. Jelase ana ing dhata ngisor iki.

- (23) DNA : (ngaji maca alquran)  
RHM : Mbak Dina le nek ngaji puenak nggoem, suarane ya apik  
DNA : Halah, padha wae

Dhata (23) dituturake dening DNA minangka panutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin wadon. Dene RHM minangka mitratutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin wadon uga. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku kanca raket. Kahanan sosiale cecaturan ing ndhuwur yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing wayah esuk nalika tanggal 04 Desember 2019.

Dhata ing ndhuwur nuduhake yen panutur merhatikake maksim penghargaan. Tuturan kasebut munjer ing mitratutur, mitratutur maksimalake rasa kurmat marang pawongan liya. Rasa kurmat dituduhake kanthi tuturan muji marang panutur. Kabukti saka tuturan “Mbak Dina le nek ngaji puenak nggoem, suarane ya apik”. Tuturan kasebut guna menahi pangalembana utawa muji lan nyenengake atine panutur. Tuturan pangalembana utawa muji kuwi kalebu tuturan ekspresif jalaran ngandharake sikap psikologise wong liyan. Mula, tuturan ing ndhuwur kalebu maksim penghargaan tuturan ekspresif muji. Cecaturan kasebut uga nuduhake ciri khas dhialek Bojonegoro yaiku kanthi tembung “nggoem”

kang ora nduweni arti apa-apa, nanging mung nduweni maksud nyethakake tuturane.

#### **4.1.4. Wujud Katrapsilan Basa Maksim Kesederhanaan ing Tindak Tutur Ekspresif**

Maksim kesederhanaan iki walikane saka maksim penghargaan. Maksim penghargaan munjer ing pawongan liya, dene maksim kesederhanaan munjer ing awake dhewe. Maksim kesederhanaan iki nuntut saben peserta tutur kanggo maksimalake rasa ora kurmat awake dhewe lan ngurangi rasa kurmat marang awake dhewe (Nadar, 2008:30). Maksim kesederhanaan uga dituturake kanthi tuturan ekspresif lan asertif. Cecaturan kang nuduhake maksim kesederhanaan ana sajrone dhata ngisor iki.

Tuturan dituturake dening JK, YN, LGG minangka panutur lan DR minangka mitratutur. Jk muji yen garapan lemari kang digawe dening LGG apik, banjur disusul kanthi tuturan YN kang menahi respon saka tuturan JK yen lemari kuwi asil gawenane LGG. Ananging nalikane ditakoni dening DR, LGG nuduhake maksim kesederhanaan. Tuturan dituturake kanthi nada alus lan seneng. Tuturan dituturake kanthi lisan lan tipe ekspresif.

- (32) JK : Garapan lemari nggene sapa  
Mas apik ngene kayune  
YN : Kayu pilihane Mas langgeng  
je ya apik, saiki wis dadi tukang kondhang  
DR : Sampeyan sing milih modele  
dhewe Mas?  
LGG : Karo cah-cah liyane gek ingi

Dhata (32) dituturake dening JK, YN, LGG minangka panutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin lanang. Dene DR minangka mitratutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin lanang. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku tangga raket. Kahanan sosiale cecaturan ing ndhuwur yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing wayah awan nalika tanggal 18 Oktober 2019.

Tuturan ing ndhuwur, nuduhake penutur kang ngupaya kanggo ngurangi rasa kurmat marang awake dhewe lan nambahi rasa ora kurmat marang awake dhewe. Tuturan kang nuduhake maksim kesederhanaan dituturake dening salah siji panutur yaiku LGG. Tuturan kasebut nuduhake yen dheweke ora sumbung lan milih ngurangi rasa kurmat awake dhewe. Kabukti saka tuturan “karo cah-cah liyane gek ingi”. Tuturan kasebut maksude yaiku dheweke ngurangi rasa kurmat awake dhewe kanthi nuturake yen ora mung dheweke sing nggawe. Mula, tuturan kasebut nuduhake maksim kesederhanaan. Tuturan kasebut uga nuduhake titikan saka pawongan Bojonegoro kanthi anane tembung “-je”.

#### **4.1.5. Wujud Katrapsilan Basa Maksim Kecocogan**

Maksim kecocogan nggambarake saben panutur lan mitratutur maksimalake rasa kecocogan antarane rong pawongan kasebut lan ngurangi rasa ora cocoge. Maksim iki nengenake supaya para peserta tutur bisa nduweni rasa cocog lan laras sajrone kagiyatan cecaturan. Panliten iki nemokake dhata kang kalebu maksim kecocogan sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro. Dhata-dhata kasebut dijlentrehake ing ngisor iki.

Tuturan kaping pisan kalaksanan wayah wengi antarane murid lan guru les basa Inggris. Murid ing kono minangka panutur yaiku SLH. Mitratutur SLV minangka guru lese. Pacaturan kasebut nuduhake yen muride kuwi ngandharake ngenani sinau basa Inggris luwih angel tinimbang basa Indonesia. Tuturan diandharake kanthi lisan kang ngandhut tuturan asertif.

(36) SLH : Hmm, sinau basa Inggris kok angele ngene ya Mbak Pi?

SLV : Iya Shol, luwih angel timbang basa Indonesia. Tapi nek wis ngerti artine ya penak

Dhata (36) dituturake dening SLH minangka panutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin wadon. Dene SLV minangka mitratutur kanthi umur bocah lan jinis kelamin wadon. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku relasi tangga raket. Kahanan sosiale cecaturan ing ndhuwur yaiku resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing wayah awan nalika tanggal 08 November 2019.

Cecaturan kasebut nuduhake tuturan kang munjer ing salah siji pihak saka peserta tutur yaiku mitratutur. Mitratutur ngupaya kanggo maksimalake kecocogan marang panutur. Tuturan “iya Shol, luwih angel timbang basa Indonesia. Tapi nek wis ngerti artine ya penak” mujudake wangsulane gurune minangka mitratutur SLV kanggo nyarujuk pamrayoga muride yaiku panutur SLH kang ngandharake yen sinau basa Inggris iku angel. Mula, saka tuturan kasebut bisa diarani maksim kecocogan.

#### **4.1.6. Wujud Katrapsilan Basa Maksim Kasimpaten**

Maksim kasimpaten iki nengenake saben peserta tutur kanggo maksimalake rasa utawa sikap simpatine marang lawan tutur. Kayata maksim kecocogan, maksim kasimpaten uga diandharake kanthi tuturan asertif lan ekspresif. Akeh maksim kasimpaten kang diolehake dening panliti sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro. Maksim kasimpaten luwih jelase diandharake kanthi nggunakake dhata ngisor iki.

Tuturan maksim kasimpaten kaping siji diolehake nalikane mitratutur oleh kabar yen dulure lara. Cecaturan

iki antarane panutur KMG minangka ibu saka mitratutur MSR. Nalikane kuwi panutur ngabari mitratutur liwat telpon amarga jarak omahe adoh. Kabar kang diolehake dening mitratutur ora kabar kang apik nanging kabar elek, yaiku kabar ngenani dulure kang lara. Mitratutur krungu kabar kuwi langsung menehi respon kang trapsila kanthi tuturan maksim kasimpaten. Tuturan iki dituturake kanthi lesan kang kalebu tuturan ekspresif. Luwih jelase ing dhata ngisor iki.

(46) KMG : Halo, Sri piye ki Sri, Den sikile lara Sri

MSR: Hla iya ta Mak garise ngono, dongakna wae ben ndang waras

Dhata (46) dituturake dening KMG minangka panutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin wadon. Dene MSR minangka mitratutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin wadon. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku relasi paseduluran raket. Kahanan sosiale cecaturan ing ndhuwur yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing wayah sore tanggal 03 Januari 2020.

Tuturan ing kono munjer ing mitratutur kang mujudake maksim kasimpaten. Maksim kasimpaten kang dituduhake kanthi tembung “hla iya ta Mak garise ngono, dongakna wae ben ndang waras”. Tuturan kang diandharake mitratutur MSR marang panutur KMG mujudake rasa simpati jalaran mitratutur nguwatake atine KMG kang sedhih amarga salah siji anake lara ndadak. Kanthi mangkono tuturan kasebut kalebu maksim kasimpaten.

#### **4.2 Wujud Pelanggaran Katrapsilan Basa ing Tindak Tutur sajrone Cecaturan Masyarakat Desa Prigi, Kecamatan Kanor, Kabupaten Bojonegoro**

Adhedhasar asil panliten, kabeh pelanggaran prinsip katrapsilan antarane: maksim kawicaksanan, maksim kedermawanan, maksim penghargaan, maksim kesederhanaan, maksim kecocogan, lan maksim kasimpaten ditemokake sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro. Pelanggaran maksim kawicaksanan lan maksim kedermawanan kang dilakokake dening peserta tutur nduweni maksud mrentah lan ngancem. Pelanggaran maksim penghargaan nduweni maksud ngolok-olok, nuduh, cubriya, lan nduweni rasa ora seneng. Pelanggaran maksim kesederhanaan nduweni maksud sumbung. Pelanggaran maksim kecocogan nduweni maksud mrentah, nolak, ora setuju. Maksim kasimpaten nduweni maksud kanggo ngandharake rasa ora senenge. Andharan ing ngisor iki mujudake jlentrehan ngenani wujud lan maksud pelanggaran prinsip katrapsilan sajrone cecaturan masyarakat desa Prigi, kecamatan Kanor, kabupaten Bojonegoro.

#### **4.2.1 Wujud Pelanggaran Katrapsilan Basa Maksim Kawicaksanan ing Tindak Tutur Dhirektif**

Pelanggaran maksim kawicaksanan nduweni maksud maneka warna. Salah siji pelanggaran maksim kawicaksanan yaiku kanggo menging wong liyan. Dhata ing ngisor iki mujudake pelanggaran maksim kawicaksanan kanthi maksud kanggo menging wong liyan.

Tuturan dumadi ing omahe Pak RW wayah sore antarane panutur lan mitratutur. Mitratutur yaiku JK minangka pak rw lan panutur LTP. Panutur LTP njaluk ijin amerga arep mbangun usaha ternak pitik ing tegalan pinggir omahe. Mitratutur krungu apa kang diandharake panutur langsung ngrespon kanthi nggunakake basa kang ora trapsila. Mitratutur JK menging panutur LTP supaya ora sida nggawe kandhang pitik jalaran bisa ngganggu warga liyane. Tuturan kang diandharake mitratutur nggunakake tipe tuturan dhirektif menging. Tuturan kasebut luwih jelase ing ngisor iki.

(56) LTP : Mas, iki ana tegalan kosong ape tak gawe kandhang pitik, njaluk ijine sampeyan  
JK : Aja dibanguni kandhang Mas, ambune ora enak isa ngganggu warga liyane malahan.

Dhata (56) dituturake LTP minangka panutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin lanang. Dene JK minangka mitratutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin lanang uga. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku tangga ora raket. Kahanan sosial kang dumadi yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing omah nalika tanggal 21 November 2019.

Tuturan ing ndhuwur ngandhut tuturan pelanggaran maksim kawicaksanan. Tuturan kasebut munjer ing mitratutur. Senadyan ta mitratutur nduweni pangkat kang luwih saka panutur, mitratutur ora oleh nglanggar maksim kawicaksanan kang ngrugikake panutur. Mitratutur ing dhata kasebut ngurangi kauntungan panutur, kang bisa dideleng saka tuturane “aja dibanguni kandhang Mas, ambune ora enak isa ngganggu warga liyane malahan”. Mitratutur menging panutur supaya ora mbangun usaha ternak pitik. Babagan kasebut jelas ngrugikake panutur LTP jalaran dheweke ora bisa ngrembakake usahane lan ora nduwe pemasukan tambahan. Saengga tuturan kasebut nglanggar maksim kawicaksanan kanthi maksud menging.

#### **4.2.2 Wujud Pelanggaran Katrapsilan Basa Maksim Kedermawanan ing Tindak Tutur Komisif**

Pelanggaran maksim kedermawanan, saliyan nduweni maksud meksa lan mrentah uga nduweni maksud tuturan komisif yaiku ngancem. Kayata dhata ing ngisor iki sajrone pacaturan masyarakat desa Prigi kang nuduhake pelanggaran maksim kedermawanan tuturan

komisif ngancem. Luwih jelase diandharake dhata ing ngisor iki.

Pacaturan pelanggaran maksim kedermawanan iki kalaksanan dening rong pawongan yaiku panutur WWK lan mitratutur MSR. Dicritakake ing wayah wengi nalikane mulih ngaji. Panutur WWK mampir ing tokone mitratutur MSR guna tuku blanja. Panutur ing kono blanja kanthi ngenyang regane salah siji barang blanjane. Mitratutur langsung ngrespon yen ora nyarujuki apa kang dikarepake panutur. Ananging panutur ing kono langsung ngancem mitratutur kanthi ora ngarah blanja maneh ing tokone. Mitratutur krungu ancemane langsung nyarujuki amerga ora kepengin pelanggane ilang. Tuturan panutur kang ngancem kuwi nggawe mitratutur rugi lan panutur maksimalake kauntungan awake dhewe. Luwih jelase ana dhata ngisor iki.

(73) WWK : Lek Sri iki tak tukune kabeh limang ewu ya.

MSR : Ya aja ta Wik nek limang ewu

WWK : E.. nek ora oleh ya wis, sesuk ra pe tuku nok kene neh

MSR : Ya wis ya wis ndang digawa

Dhata (73) dituturake WWK minangka panutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin wadon. Dene MSR minangka mitratutur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin wadon. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku tangga ora raket. Kahanan sosial kang dumadi yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan nalika tanggal 30 Desember 2019.

Tuturan ing ndhuwur ngandhut tuturan pelanggaran maksim kedermawanan. Tuturan kasebut munjer ing panutur kang mujudake salah siji titikan saka maksim kedermawanan. Cecaturan kasebut minangka wujud pelanggaran maksim kedermawanan kang dituturake dening panutur WWK kang ngancem mitratutur MSR supaya nyarujuki barang kang dituku kanthi rega kang murah banget. Tuturan kuwi mesthine ora diandharake panutur marang mitratutur jalaran bisa ngrugikake panutur ora oleh bathi. Mula, tuturan kang dituturake dening panutur kalebu pelanggaran maksim kedermawanan. Tuturan kang nuduhake pelanggaran maksim kedermawanan yaiku “e... nek ora oleh ya wis, sesuk ra pe tuku nok kene neh”. Tuturan kasebut nglanggar maksim kedermawanan amerga nengenake utawa maksimalake kauntungan awake dhewe kanthi ngrugikake pawongan liyan. Maksud tuturane panutur kang nglanggar maksim kedermawanan yaiku dheweke maksimalake kauntungan awake dhewe nalikane tuku barang dheweke ngenyang kanthi ngolehake rega kang murah. Babagan kasebut bisa nguntungake awake dhewe minangka panutur lan ngrugikake mitratutur jalaran mitratutur ora oleh bathi. Tuturan kasebut uga ngandhut



maksud tuturan komisif ngancem. Bisa diarani mangkono amerga panutur ngancem yen ora arep tuku ing tokone mitratatur yen regane ora murah. Saengga tuturan kasebut nglanggar maksim kederawanan kanthi maksud tuturan komisif ngancem.

#### **4.2.3 Wujud Pelanggaran Katrapsilan Basa Maksim Penghargaan ing Tindak Tutur Komisif, Asertif, lan Ekspresif**

Maksim penghargaan nuduhake ing prinsip ngormati pawongan liyan yaiku kanthi menehi rasa kurmat saakeh-akehe. Ananging sajrone tuturan, peserta tutur kerep ngandharake tuturan-tuturan kang ora ngormati pawongan liya kayata ngilokake pawongan liya. Luwih jelase ana ing ngisor iki.

Tuturan dumadi ing panggon pijet. Ana ing kono panutur DNA minangka pasien pijete takon marang mitratatur MBT minangka tukang pijet. Cecaturan kasebut kang dituturake dening mitratatur nglanggar maksim penghargaan jalaran ngilokake panutur. Mitratatur ngilokake ngenani panggon kuliyah amerga kepengin manggakake anake dhewe. Luwih jelase ing dhata ngisor iki.

(77) DNA: Mbak Nurul saniki kuliyah wonten pundi Mbah?

MBT: Kuliyah ning Jogja Ndhuk. Hla sanpeyan nang endi?

DNA: Kula kuliyah kaliyan mondhoek ing Lamongan niku Mbah

MBT: Hla mung erek ing kono, putuku Jogja UGM kuwi ta

Dhata (77) dituturake DNA minangka panutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin wadon. Dene MBT minangka mitratatur kanthi umur tuwa lan jinis kelamin wadon. Sesambungan antarane panutur lan mitratatur yaiku tangga ora raket. Kahanan sosial kang dumadi yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan nalika tanggal 03 November 2019.

Tuturan ing ndhuwur munjer ing mitratatur. Mitratatur ngurangi rasa kurmat lan ngurangi atur puji marang pawongan liya. Wujud pelanggaran kang ditindakake dening MBT amerga ngupaya maksimalake rasa kurmat awake dhewe lan tuturan kuwi ora trapsila jalaran diandharake ing ngarep lawan tuture. Kabukti saka tuturane “hla mung erek ing kono, putuku Jogja UGM kuwi ta”. Alasane MBT nuturake pelanggaran maksim penghargaan jalaran kepengin banggakake putune sing bisa kuliyah luwih apik. Kanthi mangkono tuturan ing ndhuwur nglanggar maksim penghargaan kanthi maksud ngilokake.

#### **4.2.4 Wujud Pelanggaran Katrapsilan Basa Maksim Kesederhanaan ing Tindak Tutur Ekspresif lan Asertif**

Prinsip sajrone maksim kesederhanaan mujudake ngurangi rasa kurmat marang awake dhewe lan nambahi rasa ora kurmat marang awake dhewe. Cecaturan kang nuduhake maksim kesederhanaan akeh, nanging kadang kala pawongan kuwi nengenake bab kanthi nyombongake apa kang dinduweni. Nyombongake awak kuwi bisa nuduhake pelanggaran maksim kesederhanaan. Pelanggaran maksim kesederhanaan sajrone panliten iki nduweni maksud nyombongake awake dhewe. Diandharake kanthi dhata ngisor iki kang nuduhake pelanggaran maksim kesederhanaan.

Tuturan iki kalaksanan wayah wengi nalikane ngaji antarane panutur DNA lan mitratatur AGR. Cecaturan kasebut dumadi nalikane ana guru ngaji alquran kang ora teka, banjur kalorone kuwi eyel-eyelan ngenani sapa sing luwih isa mulang. Kanthi mangkono panutur DNA nyumbongake diri kanthi nuturake yen dheweke lulusan pondhok kang ilmune luwih dhuwur tinimbang mitratatur. Tuturan kasebut kang nuduhake pelanggaran maksim kesederhanaan. Tuturan iki kalaksanan kanthi tipe tuturan ekspresif. Luwih jelase ana ing andaharan cecaturan ngisor iki.

(86)DN : Aku wae sing ngulang Nggar, kowe isek cilik ngono. Nek aku kan wis metu pondhokan

AGR : Ya wis ndang diulang Mbak Din

Dhata (86) dituturake dening DN minangka panutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin wadon. Dene AGR minangka mitratatur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin wadon. Sesambungan antarane panutur lan mitratatur yaiku relasi kanca ora raket. Kahanan sosiale cecaturan ing ndhuwur yaiku resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing wayah awan nalika tanggal 19 November 2019.

Konteks tuturan kasebut munjer ing panutur kang nuduhake pelanggaran maksim kesederhanaan. Tuturan kasebut diarani pelanggaran maksim kesederhanaan jalaran nambahi pujian marang awake dhewe lan ngurangi rasa ora kurmat awake dhewe. Tuturan kasebut, njlentrehake panutur DN muji awake dhewe ing ngarep kancane. Kabukti saka tuturan “aku wae sing ngulang Nggar, kowe isek cilik ngono. Nek aku kan wis metu pondhokan”. Tuturan kasebut nuduhake yen panutur muji awake dhewe supaya pawongan liya uga menehi atur puji marang dheweke. Kanthi mangkono panutur muji awake kanthi ngaku yen dheweke luwih pinter ngajine jalaran lulusan pondhok. Mula, tuturan kasebut nglanggar maksim kesederhanaan.

#### **4.2.5 Wujud Pelanggaran Katrapsilan Basa Maksim Kecocogan**

Prinsip sajrone maksim kecocogan mujudake saben peserta tutur ngupaya kanggo ngandharake kesepakatan antarane dheweke lan pawongan liya lan nolak uga ngandharake ora larase karo pawongan liyan. Ananging isih kerep dingerteni panutur utawa mitratutur kang ngandharake rasa ora sarujuke utawa ora cocoge pamrayoga kang dituturake dening pawongan liya saengga dumadi pelanggaran maksim kecocogan. Adhedhasar asil panliten, pelanggaran maksim kecocogan nduweni maksud kanggo ngandharake rasa ora sarujuk, nolak lan ngongkon. Luwih jelase diandharake pirang-pirang dhata ngisor iki.

Pelanggaran maksim kecocogan mujudake salah siji pelanggaran prinsip katrapsilan kang kerep ditemokake sajrone panliten iki. Salah siji maksud saka pelanggaran maksim kecocogan yaiku kanggo ngandharake rasa ora sarujuk. Luwih jelase bisa dideleng ing tuturan ngisor iki.

Tuturan kalaksanan wayah wengi ing omahe mitratutur. Cecaturan dumadi saka rong pawongan yaiku SLH minangka panutur lan HD minangka mitratutur. Cecaturan kasebut nuduhake nalikane panutur ngersula marang mitratutur jalaran dheweke sinau laptop kangelan. Ana ing kono pelanggaran dituduhake dening mitratutur kang ora nyarujuki pamrayogane panutur kanthi nuduhake rasa sumbunge. Dhata ngisor iki nuduhake pelanggaran maksim kecocogan.

(91) SLH : Latihan nggawe laptop kok angele ngene ya, ora isa-isa je

HD : Sapa ngomong angel, gampang ta, kene tak warahi!

Dhata (91) dituturake dening SLH minangka panutur kanthi umur bocah lan jinis kelamin wadon. Dene HD minangka mitratutur kanthi umur rumaja lan jinis kelamin lanang. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku relasi paseduluran raket. Kahanan sosiale cecaturan ing ndhuwur yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing wayah awan nalika tanggal 14 November 2019.

Cecaturan kasebut nuduhake pelanggaran maksim kecocogan. Pelanggaran maksim kecocogan munjer ing mitratutur. Cecaturan kasebut bisa diarani pelanggaran maksim kecocogan amerga wangsulan saka mitratutur HD kang nuduhake rasa sumbung lan ora nyarujuki pamrayogane panutur. Babagan kasebut dituturake mitratutur jalaran maksimalake rasa ora cocog antarane rong pawongan kasebut. Kabukti saka tuturane mitratutur yaiku “sapa ngomong angel, gampang ta, kene tak warahi”. Alesan mitratutur nglakokake pelanggaran amerga dheweke kepengin ngilokake panutur SLH sing

durung bisa nggawe laptop. Kanthi mangkono tuturan ing ndhuwur kalebu pelanggaran maksim kecocogan kanthi tuturan partial.

#### **4.2.6 Wujud Pelanggaran Katrapsilan Basa Maksim Kasimpaten**

Prinsip sajrone maksim kasimpaten nengeneke yen peserta tutur dikarepake supaya menehake rasa simpati saakehe lan ngurangi rasa ora senenge marang lawan tuture. Ananging sajrone tuturan isih ditemokake tuturan kang nglanggar maksim kasimpaten kanthi maksud kanggo ngandharake rasa ora seneng, ora ngurus, mikir awake dhewe, lan liya-liyane. Pelanggaran maksim kasimpaten sajrone panliten iki nduweni maksud ngandharake rasa ora seneng. Tuturan pelanggaran maksim kasimpaten iki dituturake kanthi lisan lan tuturan ekspresif. Wujud pelanggaran maksim kasimpaten diandharake kanthi dhata ngisor iki.

Dhata kaping pisan iki nuduhake pelanggaran maksim kasimpaten antarane rong pawongan panutur lan mitratutur. Panutur lan mitratutur isih nduweni sesambungan kanca sekolah kang isih SD. Nalikane kuwi rong pawongan kasebut dolanan bal-balan ing lapangan karo kancane liyane. Panutur ing kene yaiku ARP lan mitratutur yaiku ANE. Pacaturan kang nuduhake pelanggaran maksim kasimpaten dituduhake mitratutur kang ngilokake panutur nalikane panutur ngalami kasusahan. Luwih jelase ana ing dhata ngisor iki.

(101) ARP : Aduhhh, sikilku

ANE : Sukur, mangkane aja ngoyok

Dhata (101) dituturake dening ARP minangka panutur kanthi umur bocah lan jinis kelamin lanang. Dene ANE minangka mitratutur kanthi umur bocah lan jinis kelamin lanang. Sesambungan antarane panutur lan mitratutur yaiku relasi kanca raket. Kahanan sosiale cecaturan ing ndhuwur yaiku ora resmi. Dhata kasebut kalaksanan ing wayah sore nalika tanggal 09 November 2019.

Konteks cecaturan ing ndhuwur kalaksanan nalikane ARP ing lapangan kanthi sikile kang getihen jalaran tiba nalikane nggodhak bal. panutur ngalami kasusahan kuwi amerga dijaili dening kancane. Mitratutur ANE minangka lawane nalika bal-balan dheweke langsung nuturake tuturan kang nglanggar maksim kasimpaten. Tuturan kang nglanggar maksim kasimpaten yaiku “syukur, mangkane aja ngoyok”. Tuturan kang dituturake ANE nduweni maksud yen dheweke seneng yen panutur ngalami kesusahan. Kanthi mangkono, tuturan kasebut mujudake tuturan kang ora sopan. Tuturan kang kudune dituturake dening mitratutur yaiku rasa simpati utawa rasa welase jalaran ngerti kancane ngalami kedadèn kang ala. Saliyane kuwi, bisa uga nuturake

tuturan kang bisa nggawe panutur luwih semangat saengga panutur ora sedhih. Fungsi tindak tutur saka tuturan kasebut yaiku ekspresif kang fungsine ngilokake lawan tuture.

## PANUTUP

### 5.1 Dudutan

Adhedhasar asil saka panliten lan andharan, dijupuk dudutan ana satus sepuluh dhata kang nuduhake wujud maksim prinsip katrapsilan basa lan pelanggaran prinsip katrapsilan basa. Wujud maksim kaping pisan yaiku maksim kawicaksanan kang ditemokake ana sepuluh dhata kanthi tipe tuturan dhirektif ngajak, meksa, mrintah utawa ngongkon, menging lan tipe tuturan komisif nawarake uga njanjikake. Maksim kederewananan kanthi tipe tuturan dhirektif ngajak, menging, ngongkon, lan tuturan tipe komisif nawarake uga njanjikake uga ditemokake sepuluh dhata. Maksim penghargaan kanthi tuturan tipe ekspresif atur puji, atur panuwun, lan kanthi tuturan asertif nyaranake utawa menchi pamrayoga ana sepuluh dhata. Maksim kesederhanaan mung ditemokake limang dhata kanthi tipe tuturan ekspresif. Maksim kecocogan kang nuduhake rasa cocoge panutur lan mitratutur ditemokake sepuluh dhata. Maksim kasimpanten uga ditemokake sepuluh dhata kang nggunakake tipe tuturan asertif lan ekspresif. Panggunane maksim katrapsilan basa lan pelanggaran maksim katrapsilan basa iki dilaksanakake dening masyarakat Bojonegoro kanthi ora ndeleng umur bocah, rumaja, lan tuwa. Relasi kang diolehake yaiku relasi kanca raket ora raket, tangga raket ora raket, lan paseduluran raket ora raket.

### 5.2 Pamrayoga

Pamrayogane panliten tumrap mahasiswa jurusan basa Jawa, muga bisa didadekake referensi mligine kajian pragmatik ngenani prinsip katrapsilan sajrone cecaturan. Saliyane kuwi, saka anane panliten iki diajab bisa ndadekake pangilon tumrap awake dhewe-dhewe ngenani katrapsilan basa kang digawe cecaturan sabendinane supaya bisa tambah apik. Kanggo panliten sabanjure, diajab bisa ngrembakake panliten ngenani katrapsilan basa sajrone cecaturan masyarakat Bojonegoro. Saliyane kuwi panliti sabanjure uga bisa menchi kawruhe ngenani kajian pragmatik kang luwih amba lan migunani tumrap pamaca. Panliten iki uga bisa dadi pathokan para mahasiswa mligine kang bakal dadi guru sing kudune bisa digugu lan ditiru supaya bisa dadi tuladha kang becik ngenani katrapsilan basane tumrap para siswane.

## KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2016. *Semantik (Pengantar Studi Tentang Makna)*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.

Basir, Udjang Pairin. 2014. *Keterampilan Menulis*. Surabaya: Penerbit Bintang.

Basir, Udjang Pairin. 2016. *Sosiolinguistik: Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: Penerbit Bintang Surya.

Chaer, Abdul & Leoni Agustina. 2004. *Sosiolinguistik : Perkenalan Awal*. Jakarta: Rieneka Cipta.

Djajasudarma, Fatimah. 2012. *Wacana dan Pragmatik*. Bandung: PT Refika Aditama.

Dubois Jean dkk. 2001. *Dictionnaire de Linguistique*. Paris : LarousseBordas/ HER

Hymes, Dell. 1972. *Foundations in Sociolinguistics*. Philadelphia: University of Pennsylvania Press.

Ibrahim, Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: usaba Nasional.

Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik (terjemahan, M.D.D. Oka)*. Jakarta: UI-Press.

Masnur, Muslich. 2006. "Kesantunan Berbahasa Indonesia sebagai Pembentuk Kepribadian Bangsa". Dalam <http://researchengines.com/1006 masnur2.html>. Diunduh pada tanggal 19 Mei 2009 Pukul 09.48 WIB.

Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.

Mahsun, 2013. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.

Moleong, Lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Nadar, F.X. 2008. *Pragmatik & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta : Graha Ilmu.

Prayitno, Harun Joko. 2017. *Studi Sosiopragmatik*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.

Purwo, Bambang Kaswanti. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa: Menyibak Kurikulum 1984*. Yogyakarta: Kansius.

Rahardi, Kunjara. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.

Rohmadi, Muhammad. 2004. *Pragmatik (Teori dan Analisis)*. Surabaya: Yuma Pustaka.



Searle, R John. 1962. *Speech Act : An Essay in The Philosophy of Language*. Cambridge : Cambridge University Press.

Subyakto, Sri Utari. 1993. *Metodologi Pengajaran Bahasa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sugiyono. 2014. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta.

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana.

Yule, Goerge. 2006. *Pragmatik: Terjemahan Indah Fajar Wahyuni*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Zamzani. 2007. *Kajian Sosiopragmatik*. Yogyakarta: cipta Pustaka.

#### **Skripsi**

Kurniawan, Ari Putra. 2013. "Tuturan Dhirektif sajrone Proses Dol Tinuku ing Dhusun Bahoro Desa Banjarworo Kecamatan Bungilan Kbupaten Tuban" (Skripsi). Fakultas Basa lan Seni. Universitas Negeri Surabaya. Surabaya.

Masfufah, Nurul. 2010. "Kesantunan Bentuk Tuturan Direktif Di Lingkungan SMA Negeri 1 Surakarta" (Tesis). Program Pascasarjana. Universitas Sebelas Maret.

Sari, Ellysyia Sulisty. 2013. "Pelanggaran Prinsip Kesantunan Berbahasa Dalam Acara Dua Arah Kompas Tv" (Skripsi). Fakultas Basa lan Seni. Universitas Negeri Surabaya. Surabaya.

Solikah, Mar'atus. 2015. "Maksim Kecocogan lan Kasimpaten sajrone Cecaturan Mahasiswa Basa Jawa sajrone Medhia Sosial *Whatsapp* Grup Klas *hercules 2015 C Taun 2015*" (Skripsi). Fakultas Basa lan Seni. Universitas Negeri Surabaya. Surabaya.

Susanto, Retno. 2013. "Panganggone Maksim Katrapsilan sajrone Cecaturan Masyarakat ing Desa Ngunut Kabupaten Tulungagung" (Skripsi). Fakultas Basa lan Seni. Universitas Negeri Surabaya. Surabaya.